



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 21 jiyè 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOMISYON LEKÒL ENTELIJAN YO AP ÓGANIZE PREMÈ SENPOZYÒM PIBLIK

Espesyalis yo ap prezante pi bon pratik nan koneksyon avèk teknoloji ki favorize edikasyon ak ansèyman

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Komisyon lekòl entelijan yo te patwone premye senpozyòm piblik nan Albany kote espesyalis yo nan teknoloji ak edikasyon te prezante apwòch inovè ki gen siksè pou lekòl nan koneksyon avèk komite ak pratik edikasyon ki favorize teknoloji. Komisyon Lekòl Entelijan yo responsab pou konseye Eta sou pi bon fason pou investi nan Lwa Bon sou Lekòl Entelijan yo \$2 bilyon dola Gouvènè a te pwopozè nan fason pou amelyore ansèyman ak aprantisaj nan teknoloji. Gouvènè a te pwopozè inisyativ Lekòl Entelijan pandan Diskou Eta sou kondisyon Eta 2014 nan fason pou re-imaginer lekòl piblik New York pou 21^{yèm} syèk.

“Sesyon enfòmasyon Komisyon Lekòl Entelijan enpòtan pou konprann fason nouvo teknoloji an kapab transfòme eksperyans elèv la epi kreye salklas demen yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Komisyon sa a te etabli pou ede asire inisyativ \$2 bilyon dola Lekòl Entelijan yo ap pouswiv kreyativman ak responsableman. Premye reyinyon piblik jodia pral kite nou tandè de manm kominote yo ansanm avèk espesyalis sou pi bon fason pou itilize opòtinite sa a pou ede elèv nou yo.”

Pandan senpozyòm, yon panèl entèvenan te reponn kesyon pa Sipè-entandan Distri Lekòl Constance Evelyn, Ofisye Nimerik Anchèf Eta New York Rachel Haot ak Konseye Prensipal a Gouvènè Michael Laskawy. Evelyn se youn nan twa manm Komisyon Lekòl Entelijan, anplis de Eric Schmidt, Prezidan Egzekitif ak Ansyen PDG Google, ak Geoffrey Canada, Prezidan Harlem Children’s Zone. Kominote a ankouraje pou soumèt komantè adisyonèl nan Komisyon Lekòl Entelijan [sitwèb](#); finansman l pral entegre nan yon rapò final ki pibliye nan fen ane sa a.

Yo te chwazi entèvenan yo nan senpozyòm lan baze sou yon divèsite jeyografi, teknoloji, espesyalis ak eksperyans epi enkli:

- **David Salway**, Direktè Biwo Pwogram Laj Band Eta New York. Salway te elaji etandi Biwo Pwogram Laj band la pou enkli fonksyonman adisyonèl tankou sansibilizasyon ak kowòdinasyon aktivite Komisyon Laj Band Eta. Antanke pwèn inik nan tout kesyon ki gen rapò a laj band, li te

ede pwomotè pwojè laj band yo pou prepare aplikasyon pou sibvansyon pou stimilasyon finansman sibvansyon ARRA, epi rankontre avèk desidè eta ak federal pou avanse ak pwomote kesyon laj band, enkli konstriksyon enfrastrikti sou efò alfabetizasyon nimerik.

- **Dr. Ellen Meier**, pwofesè adjwen nan pratik, enfòmatrik, ak edikasyon ak direktè Sant pou Teknoloji ak Chanjman Lekòl nan Kolèj Pwofesè, Columbia University. Dr. Meier te egalman ko-prezide Konsèy Gouvènè pou Politik Teknoloji ak Pratik pou Eta. Pandan dènye deseni ki sot pase a, li te devlope yon apwòch ki gen siksè pou ede pwofesè yo entegre teknoloji nan itilize yon pwosesis konsepsyon ki santre nan kesyon esansyèl yo. Rechèch Dr. Meier egzamine fason pwofesè iben yo pou itilize teknoloji pou pwomote konpreyansyon elèv la atravè aprantisaj ak politik travay ki baze sou ansèyman envestige itilizasyon teknoloji kòm yon katalis pou refòm lekòl.

- **Dale Breault**, asistan direktè avèk Sant Enfòmasyon Rejyonal Nòdès (NERIC) nan Kapital Rejyon BOCES. Breault sipèvizè operasyon chak jou biwo Country Nò NERIC, pèsonèl ak sèvis yo. Anvan li te rantre nan NERIC nan ane 2013, Breault te sipè-entandan, jesyonè biznis ak PDG nan Distri Lekòl Santral Chateaugay.

- **Thomas Phillips**, Sipè-entandan Lekòl Santral nan Watkins Glen. Phillips te yon pwofesè ak administratè nan edikasyon piblik pou dènye 30 ane ki sot pase yo e nan wòl aktyèl li depi 2006. Jodia, Phillips fòtman angaje nan yon inisyativ pou entegre teknoloji nan anviwonman enstriksyon, kreye yon anviwonman ansèyman 21^{yèm} syèk ki adrese kesyon egalite ak opòtinite pou tout elèv yo.

- **Patterson Green**, Sipè-entandan Distri Lekòl Santral Sharon Springs. Green se te yon pwofesè ak administratè nan edikasyon piblik pou dènye 26 ane ki sot pase yo e nan wòl aktyèl li depi 2007. Travay Green konsantre sou balanse pri efikas avèk teknoloji entegre nan anviwonman enstriksyon avèk rezilta entansyonèl lekòl la nan bay solisyon teknoloji konpreyansif.

Senk espesyalis yo te souliye bay Komisyon an ak manm yo nan kominote a bezwen ak kapasite pou: anrichi eksperyans ansèyman nan salklas la nan enkòpore itilizasyon tablèt, òdinatè pòtab ak smartphones; etann preparasyon pou enstriksyon elèv yo nan itilize lojisyèl ki baze sou entènèt ki aksesib nan kay la, ogmante kominikasyon ant entriktè a ak gadyen elèv la; bay plis rapò pwogrè akademik ak deskriptif; ak pou sipòte chanjman sa yo, devlope yon rezo entènèt a wot vitès solid ak koneksyon wi-fi nan tout lekòl piblik New York ak kominote yo. Defi ke panèl la te ankouraje Komisyon an pou l adrese enkli difikilte pou bay aksè laj bann a rejyon riral yo nan nò New York ak enplemantasyon inisyativ nouvo teknoloji nan salklas la.

Ou kapab jwenn yon videyo konplè premye senpozyòm lan, dosye prezantasyon entèvenan yo, ak yon kote pou kominote a soumèt sijesyon nan [sitwèb](#) Komisyon Lekòl Entelijan yo.

Rachel Haot, Ofisye Nimerik Anchèf Eta New York, te deklare, “Senpozyòm jodia se te yon etap pwogrè annavan nan anbrase potansyèl New York kòm yon lidè mondyal nan teknoloji edikasyon ak enfrastrikti salklas. Mwen rejwenn manm komisyon yo nan remèsye oratè jodia yo dèske yo te pataje kòmantè valab yo sou pi bon fason pou sipòte elèv New York yo atravè koneksyon enpòtan ak envestisman

teknoloji dijital. Souliyen angajman Gouvènè Cuomo pou bay elèv yo zouti ak konpetans yo bezwen pou reyisi nan ekonomi 21^{yèm} syèk la, Senpozyòm lekòl entelijan yo te enspire opòtinite pou imagine yon avni ki pi inovatif pou lekòl nou yo.”

Sipè-entandan Constance Evelyn te deklare, “ Gen yon opòtinite fòmidad pou amelyore ansèyman teni kont nan avansman teknolojik ke sosyete a te fè nan mwatye syèk la ki sot pase a. Avèk zouti sa yo ki te vini pi abòdab e itilizasyon yo preske inivèsèl, pozisyon lekòl piblik New York yo pou entegre yo li apwopriye ak jis. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te pouswiv kesyon sa a epi konnen ke rezilta Komisyon an pral gen kapasite pou chanje lavi elèv yo.”

Dr. Ellen Meier te deklare, “Senpozyòm jodia souliye bezwen pou New York pote lekòl piblik li yo -- patikilyèman lekòl ki gen bezwen elve yo -- jiska yon standa 21^{yèm} syèk. Nou gen anpil chans anpil paske nou nan yon moman kote espri briyan yo-- jèn ak granmoun -- gen zouti pou eksplòre, pataje epi finalman aprann nan fason nimerik fason enteresan ak dinamik. Tout elèv yo bezwen aksè a zouti sa yo, e elèv nou yo bezwen aprann pou itilize yo nan salklas yo kote pwofesè yo te prepare pou pran avantaj nan opòtinite kreyatif ke teknoloji a ofri.”

Enfòmasyon osijè Komisyon Lekòl Entelijan yo

Komisyon Lekòl Entelijan yo te chaje sou konseye Eta sou pi bon fason pou amelyore ansèyman ak aprantisaj atravè teknoloji. Gouvènè a te enstore Komisyon an nan prentan 2014 nan fason pou re-imagine lekòl piblik New York yo pou 21^{yèm} syèk la. Aksè a teknoloji avanse favorize yon eksperyans salklas ki pi entè-aktif ak pèsonalize pandan lap fasilite ogmantasyon kominikasyon ant paran, elèv, ak pwofesè yo. Anbrase inovasyon ak edikasyon se yon etap pwogrè enpòtan nan ede etidyan New York yo jwenn konpetans yo bezwen pou reyisi nan ekonomi 21^{yèm} syèk la.

Manm yo ki nan Komisyon Lekòl Entelijan yo se :

Eric Schmidt, Prezidan Egzekitif ak ansyen PDG Google: Mesye. Schmidt te rantre nan Google nan ane 2001 e li te ede devlope konpayi an ki soti nan demaraj Silicon Valley a yon lidè mondyal nan teknoloji. Li te travay kòm Ofisyè Egzekitif Anchèf Google soti nan 2001 pou rive a 2011, kontwole estrateji teknik ak biznis konpayi an ansanm avèk fondatè Sergey Brin ak Larry Page. Sou lidèchip li Google te konsiderableman pwopòsyone enfrastrikti l ak divèsifye pwodwi lap ofri yo pandan lap kenbe yon kilti inovasyon solid.

Geoffrey Canada, Prezidan of Harlem Children’s Zone: Nan 30 ane l avèk Harlem Children's Zone, Inc., Mesye. Canada te vin rekonèt nasyonalman pou travay pyonye l nan ede timoun ak fanmi yo nan Harlem e kòm yon defansè pasyone pou refòm nan edikasyon. Magazin New York Times rele Harlem Children’s Zone “youn nan eksperyans politik sosyal ki pi anbisye nan epòk nou an.” Nan oktòb 2005, Mesye. Canada te nome kòm youn nan “Pi bon lidè Etazini” pa News ak World Report, e nan mwa ki sot pase a Fortune te nome l kòm youn pami “50 Pi gwo lidè nan mond lan.”

Constance Evelyn, Sipè-entandan nan Distri Lekòl Auburn nan Konte Cayuga: Madam. Evelyn te sèvi kòm sipè-entandan Lekòl yo pou distri Elaji Vil Auburn depi mwa dout 2012. Anvan li te sèvi kòm Sipè-entandan li te genyen yon varyete pozisyon lidèchip nan lekòl nan pati Nò yo enkli Distri Lekòl Vil Ithaca, Vil Lekòl Oswego, Vil Lekòl Rome, ak Distri Lekòl Santral Bedford.

Pou jwenn plis enfòmasyon osijè Komisyon Lekòl Entelijan yo epi soumèt kòmantè ak sijesyon, tanpri vizite <http://www.governor.ny.gov/smart-schools-ny>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE